ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№20 (23.990) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек КъБР-м Террорым пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ ирегъэкІуэкІ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм Терроры пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т.Б, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А.Ті., КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Т.Э., хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ щыхэплъащ транспортымрэ а Іэнатіэм и Іэхъущіапіэхэмрэ терроризм и щынагъуэм зэрыщахъумэр, террористхэм я зэгухьэныгъэхэм щІалэгъуалэр, къызэрыгъкІ цІыхухэр хамышэнымкІэ зэфІагъэкІэр, экстремизмэм пэщІэтынымкІэ профилактикэ лэжьыгъэр егъэкІуэкІыным ГъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэр зэрыхуэщІам.

ЗэрыжаІамкІэ, транспортым и инфраструктурэр терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэм ящыхьумэнымкІэ лэжьыгъэр щІагъэхуэбжащ. Ауэ абы къыдэкІуэу, къыхигъэщхьэхукІащ КъБР-м и Іэтащхьэм, мы Іуэхум сытым дежи мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи зыхуэфащэ ведомствэхэмрэ Іуэхущіапіэхэмрэ я нэІэ зэпымыууэ тригъэтын хуейщ.

Гулъытэ хэха хуащІащ идеологие егъэлеиныгъэхэр къызэпыудыным икІи экстремизмэм щІалэгъуалэр щыхъумэным. Абы папщІэ щІэрыщІэу щыналъэ комплекс планым хэплъэжу кьалэныщІэхэр яубзыхуу къуо.

ЗэІущІэм къыщІэтэ Іуэхухэм ябгъ иткІэ докладхэр ящІащ республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий М. Б.**, Транспортым и Іэнатіэм щыкІэлъапІэныныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Щыналъэ управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ **Кравцов Д. В.**, КъБР-м транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министр **Дыщэкі А. З.**, КъБР-м экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и министр **Къуэшырокъуэ З. Къ.**, «Къэббалъкъавтотранс-1438» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Апажэ А. Ю.**, «Аэрокомплекс» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Беланов В. А.** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

КъБР-м и Іэтащхьэр яІуощІэ муниципалитетхэм я тхьэмадэхэм

2019 гъэм къырикІуахэмрэ дызыхуэкІуэ лъэхъэнэм япэ игъэщыпхъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Муниципальнэ сыхьэтым» ипкъ иткІэ Правительствэм и Унэм дыгъэсэ щыхутепсэлъыхьащ щыналъэхэмрэ къалэхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэм.

ЖЬЫХАГЪЭЩАЩ ящыныкъуэ Іуэхухэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызиужьыр. Къапщтэмэ, экономикэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ заІэт. Ди республикэм къыщалэжьауэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм ирагъэшахэр, зэфІагъэкІа Іуэхугъуэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ 2018 гъэм елъытауэ проценти 107,7-кІэ нэхъыбэщ, промышленнэ производствэм и индексыр процентыбэ 109,7-рэ хъуащ. Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэм и фІыгъэкІэ нэрылагъуэ ефІэкІуащ социальнэ Іэнатіэр - еджапІэхэм, зи школ кІуэгъуэ мыхьэхэр щалъэ Іуэхущіапіэхэм, щэнхабзэм, спортым, узыншагъэр хъумэным я объектхэр зыхуэл хуагъэзащ, щІэхэр яухуащ, абыхэм я материально-техникэ щыкІыкІэр нэхъыбІкІэ яхъуэжащ.

КъэшцынэмышІауэ, унагъуэ 357-м нэгъабэ я псэупІэр ирагъэфІэкІуащ, бынунагъуэшхэр 239-м щІапІэ иратащ, унагъуэщІэ 90-м унэ къращэхуну (яухуэну) хуитыныгъэ къэзыт щыхьэт тхылъхэр Іэрагъэхьащ, къуажэдэс унагъуи 10-м къэрал дэІепыкъуныгъэ ягъуэтащ, унагъуэ 81-рэ кхъахэ хъуа унэхэм къыщІагъэІэпхъуКІащ.

Абы щыгъуэми республикэм и унафэщым къиІэтащ псынщІэу зэфІэгъэкІын хуей Іуэхугъуэ зыбжанэ. Апхуэдэщ къуажэ щхьэхуэхэр гъэкІэ къызэгъэпэщынкІэ. КІуэкІуэ Казбек яхуигъэуващ лэжьыгъэхэм щІагъэхуэбжьэну, а Іуэхугъуэхэр зэрекІуэкІым я нэІэ сыт щыгъуи тригъэтыну икІи республикэм щыпсэухэм я тхъэусыхафэхэм икІэщІыпІэкІэ пэджэжьыну.

ЩІыналъэ, кьалэ округхэм я унафэщІхэм гу лърагъэтащ щІыпІэ бюджетхэм езыхэм я хэхъуэм зыкъеГъэІэтын, бюджет ахъшэр зэпэлъытауэ къэгъэсэбэпын, инвестицэ проектхэр гъэзэщІэн, лэжьапІэщІэхэр къызэІуахын, щІыпІэхэм жьыджэрагъ ихэлъхьэн, технологие пэрытхэр зэпхъуэн, мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къат фейдэм хэгъэхъуэн зэрыхуейм.

Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхъэ и лъэс 75-рэ щрикъур гъэлъапІэным зыхуэгъэхьэзырыныр.

ЗэІущІэм хэтащ икІи къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Адміністрацэм и Унафэщым и къуэдзэ - щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхугъэмкіэ управленэм и пашэ **Сарбашевэ Светланэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къуныжь МуІэед** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Республикэм и къалэхэр лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным жьыджэру хэтщ

Мы гъэм и пэщІэдзэм къалэ мыинхэмрэ жылагъуэхэмрэ зэІузэпэщ щІыпІэмкІэ Урысей Федерацэм ухуэнысІэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ урысейпсо конкурсым хэтын папщІэ Шэджэм, Прохладнэ къалэхэм заявкэхэр ятащ.

НЭХЪ ящэкІэ а конкурсым увыпІэ лъагэ къызэрыщихьам къыхэкІыу Бахьсэн къалэм псым дэкІуэ и уэрамыр зэІузэпэщ щІыпІэмкІэ проектыр гъэзэщІэным тригъэкІуэдну сом мелуан 85-рэ къыІэрыхьащ.

Шэджэм, Прохладнэ къалэхэм я заявкэхэр пхыкІрэ, абыхэм зэхалъхьа проектхэр текІуэхэм яхэхуэмэ, кьалитІми и уэрам нэхъыщхьэхэр зэІузэпэщ ящІын папщІэ дэтхэнэми сом мелуанищэм щІигъу хухахынущ.

Конкурсым кьрикІуахэр наІуэ хъунущ ебатхэпэм и Іэ-ш.

КъБР-м и ятпэ ІТ-клубыр щІэуэ яухуэ школым къыщызэІуахынущ

Дызэрыт илъэсым ди щІыналъэм щылажьэу хуежьэнущ «Кванториум» программэр икІи абы Іэмал къытынущ кьуажэ пхыдзахэм дэс сабийхэри щІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтынымкІэ.

БЖЬГЪЭХЭР зи лъабжьэ егъэджэныгъэр къыщыдзэрагъэпэщыну я мурадщ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щауху школ нэхъ ин дыдэм. Сабийхэм щІэныгъэ ирагъэгъуэтынущ информацэ технологиехэм, робототехникэм, ІТ-инжиринным я Іэнатіэхэм щыІэ ехьуІэныгъэщІэхэр я лъабжьэу. Мы школыр республикэм щыянэ ин дыдэу зэрыщытым къыдэкІуэу, сабийхэм щІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтынымкІэ абы ди щІыналъэм ззи щымыІа Іэмалхэр щІэзэрагъэувэнущ.

ІэнатІэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ

УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Кравцов Сергей КъБР-м и Правительствэм и Унэм гъубж кІуам щригъэкІуэкІащ зэІущІэ щхьэпэ.

● Къэрал Іуэху

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКІЭ федеральнэ Іэнатіэм и ІыкІуэхэм нэмышІ, абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгуэш Адэлбий**, КъБР-мкІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**. Апхуэдэу зэхуэсым къырихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Адміністрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іуэес**, нэгъуэщІ министрхэр, щІыпІэ самоуправленэхэм я Іэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкІэ щІыналъэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, «ЩІалэгъуалэм я урысейпсо союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэр, н.

Зэхуэсым и утыку кІэрахьа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр ятещІыхьауэ щытащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къигъэув Іуэхугъуэхэр ди республикэм гъэзэщІа зэрыщыхьумрэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр мы гъэм зэрегъэкІуэкІыпхъэмрэ. А унэтІыныгъэхэмкІэ ди Іуэхур зыІутым зэІущІэм къырихьэлІахэр кІэщІу щыгъуаз хуищІащ республикэм и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**.

- Егъэджэныгъэмкіэ федеральнэ Іэнатіэм и Іэтащхьэ, ди хъэщІэ лъапІэ Кравцов Сергей зыхэт зэІущІэ иным къырихьэлІа псоми фІэхъус гуапэ фызэх. Псом япэрауэ, фІыщІэ ин хузощІ ди республикэм гулъытэ къыхуищІу мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьыну къызэрытхуеблэгъам папщІэ. Къыхэзгъэщыщи, Кравцов Сергей илэкІэ зи лашэу щыта Егъэджэныгъэм кІэлъыплъныныкІэ федеральнэ Іэнатіэм куэдкІэ и фІыгъэщ ЕГЭ къэпщытэныгъэхэр ди щІыпІэм зэхъарэнэу щызэфІэтх зэрыхъуар, - жиІащ КІуэкІуэм. - Егъэджэныгъэ Іэнатіэр ди республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм увыпІэ хэха щызыубыдащ ужьыгъэ, ноби ящыщщ, сыту жыпІэмэ, ар ди къэкІуэнум епхащи. ФІагъ лъагэ зиІэ егъэджэныгъэ дызэриІэм елъытащ ди щІыналъэм, ди республикэр къапщтэмэ, 2010 - 2019 гъэхэм къэрыубыдэу мыбы фэтэр мин 29,4-рэ щащІащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатІэ мелуани 3,6-рэ хъууэ. Федеральнэ статистикэ зэхэщІапІэгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, КъБР-м и псэупІэ унэхэм я процент 94,8-м псы щІэтщ. Канализацэ процент 84,9-м яІэщ, унэхэм я процент 95,2-р газкІэ ягъэлпІэ.

абы щыпсэу цІыхухэм яІэну ехьуІэныгъэхэр. КъэкІуэну илъэсхэм Іэнатіэм щыпсэу цІыхухэм я Іуэху щІэныгъэ зэрыригъэгъуэтырэм Іэмал етынущ, абыхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІыр къэхутэныщ, абы зегъэужьыныщ, технологие лъагэхэр щІытепщэ дунейм хэзэгъэфын цІыху гъэсэныщ. А Іуэхугъуэхэр зэрызэбгъэхъуІэфыну Іэмал гъуэгъэдж куэд къыщыгъэлъэгъуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым. Илъэс зыбжанэ хъуауэ лажьэ а проектым и фІыгъэкІэ ди щІыналъэм и Іэнатіэм хэпщІыкІыу зиужьащ. Ди къалэныр, а ехьуІэныгъэхэр зи тегъэщІапІэу, лэжьыгъэр адэкІэ егъэфІэкІуэныщ, лъагапІэщІэхэр къэщтэныщ.

КІуэкІуэм зэрыжиІамкІэ, ди сабийхэм ящыщ дэтхэнэми,ар щыпсэу щІыпІэмрэ и социальнэ статусымрэ емылъытауэ, къыхуэзгъэпэщын хуейщ щІэныгъэфІ зэрызагъэгъэпэщыфІ Іэмалхэр. Гулъытэ хэха хуэщІын хуейщ щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Іэнатіэхэмэ. ЩІэблэм зауэным хуейщ ябгъэдэлъ акъылкІи, творческэ зэфІэкІкІи, узыншагъэкІи. Зи гугъу сщІы Іуэхущіапіэхэм къызэщІаубыдапхъэщ ди сабийхэм я процент 80-м нэс. А Іуэхум хуэщІауэ ди республикэм иджыблагъэ къыщыізэІуахащ «Антарес» центрыр. Егъэджэныгъэ Іэнатіэм социальнэ лифтым и кьалэнхэр игъэзащІэу щытыпхъэщ: аращ щІалэгъуалэ зэчиифІэгъэ экономикэм, политикэм, щэнхабзэм, гъащІэм и нэгъуэщІ унэтІныгъэхэм хуэзыгъэхьэзырын хуейр. А лэжьыгъэ псори къызыхуэтынщІу зэфІэхыным, дауи, нэхъыщхьэ дыдэу хэтыр ди егъэджакІуэхэращ. И чэзу хуащ а Іэщіагъэлэхэм ящыщ дэтхэнэми методикэ лъагэхэр, технологие пэрытхэр лэжьыгъэм хэсу къыщигъэсэбэпыф хъуныр. Апхуэдэу щытми, егъэджакІуэхэм я гъусэу Іуэхум хэтын хуейщ щІыпІэхэм къэрал унафэр щызезыгъакІуэхэр, адэ-анэхэр, граждан жылагъуэ институтхэр. Къалэнхэр гъэзэщІэным зэгъусэу делэжьмэщ, ехьулІныгъэфІхэр щызыІэрыдгъэхьэфынур.

Адэкіэ псалъэ хэщІащ **Кравцов Сергей**. Ар къытеувыІащ зи пашэ хъуа министерствэм и пащхьэ кьиувэ къалэн нэхъыщхьэхэм.

- Псом япэрауэ, егъэджакІуэм жылагъуэм щІэ увыпІэмрэ абы и пщІэмрэ къэзытыным адэкІи делэжьынущ, сыту жыпІэмэ «егъэджэныгъэм и пкъоуэ» щыт абы куэд елъытащ къытщІэхъуэ щІэблэм яІэну зэхэщІыкІымрэ зэфІэкІымрэ ехьэлІауэ, - къыхигъэщащ Кравцовым. - Къэрал унафэкІэ щІэгъэбыдауэ щытщ егъэджэныгъэм адэкІи зегъэужьыным хуэгъэпса дэтхэнэ Іуэхугъуэри. Абыхэм ящыщщ еджакІуэхэр школым щыгъэшхэнр, класс унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэныр. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ еттынущ еджапІэхэм щекІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэным, а Іуэхущіапіэхэм я унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм ябгъэздэлъ зэфІэкІым хэгъэхъуэным, адэ-анэхэм нэхъ шэщІауэ ядэлэжьэным, сабий къьхэжанымкІэхэм гулъытэ хэха яхуэщІынным, школхэр зыхуэныкъуэ методикэ дэІепыкъунымгъэ псори ятыным, нэгъуэщІхэмри.

Кравцов Сергей зэрыжиІамкІэ, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ абырэ тепсэлъыхьащ ди республикэм егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ центрыщІэ къызэрыщыІуахынуми. УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэр абыкІи сэбэн къыхуэхъунущ ди щІыналъэм.

Министрым жиІам къыдыщІаГуэ, зэхуэсым къыщыпсэлъащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгуэш Адэлбий**, УФ-м Егъэджэныгъэм кІэлъыплъныныкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Музаев Анзор**, республикэм и министерствэхэм я пашэхэр, егъэджэныгъэмкІэ республикэ, щІыпІэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсыр ихуа нэужь, КІуэкІуэ Казбек Кравцовымрэ абы и гъусэ хьащІэ лъапІэхэмрэ иригъэблагъащ къызэІуахагъащІэ «Антарес» егъэджэныгъэ центрым, абы щекІуэкІ лэжьыгъэ купщІафІэми ахэр щыгъуазэ хуащІащ. Егъэджэныгъэ программэу 49-кІэ ныбжьыщІэхэм щадолажьэ а центрым Іэмал псори иІэщ сабий зэчиифІахэм я зэфІэкІым, яхъуэхьым, гупсысэм адэкІи зрагъэужьыну. Абы щызэфІах унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэщІэзэпыбыдэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Апхуэдэу хьэщІэхэр щыІащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ яуха, нэгъабэ къызэІуаха курыт школыщІэм. Сабий 1224-рэ зэкІуэлІэ а Іуэхущіапіэр хуэщІащ ныбжьыщІэхэм сыт и лъэныкъуэкІи заужьыным, щІэныгъэ куу яГуэтыным.

Щхьэхэм гунэс ящыхъуащ ельэгъуа псори. Федеральнэ министрым зэрыжиІамкІэ, егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпсауэ республикэм къыщрахьэжьэ дэтхэнэ Іуэхугъуэри ар зи пашэ Іэнатіэм диІыгъынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Абы дегъэпІейтей

Дунейпсо Адыгэ Хасэм Урысей Федерацэм и лІыкІуэу Тырку Республикэм щыІэ Ерхов Алексей ирита жэуап

ДЖЭПСАЛЪЭ

Дунейпсо адыгэ (шэрджэс) цІыхубэр Тырку Республикэм щыІэ Урысей Федерацэм и лІыкІуэ Ерхов Алексей Кавказ зауэм и тхыдэр щызэблиш, адыгэ (шэрджэс) пІэпкъым Іейкіэ щытепсэлъыхь Sputnik агентствэм ирита интервьюм щыжиІаэм кІигъэуІэбжьащ.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и Гъэзэщіакіуэ гупым Ерхов Алексей и псалъэхэр щыуагъэ зыхэлъ, мамыр гъащІэр къэзыгъэхъуэ, хабзэм кьемызэгъ, лъэпкъ зэпэщІытынигъэр къэзыгъэхьэйкъэм ящыщу ельытэ. ЛІыкІуэм жиІаэхэр щыдэкІуэ, зэкъуэшыгъэрэ зэкъуэтынигъэрэ зэІэпахыу къогъуэгурыкІуэ. Бэлыхьышхуэ яшэча пэтми, адыгэхэм нобэрей Урысейр игъэкъуанщэркъым кьащищІам щыхьэІэ. ПщІэрэ щхьэрэ яІэу ахэр Урысейми, щыпсэуну кьащысхуихуа дэтхэнэ я зэрыпсаІэ я цІыхубэ гъащІэм хэтщ. Адыгэхэм кьаэхэкІащ дуней псом къыщацІыху щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, тхакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, Нобель саугъэтэхьэхэр, Олимп чемпионхэр. Ноби лъэпкъым и псэм пищу ехьумэ и пщІэм зезыгъэужь, зауагъэм тезыгъэт и хабзэжьхэр, ар я дуней тетыкІэми я зэфІэкІми кьегъэлъагъуэ. Урысейми хамэ къэралхэми къикІа дунеяплъэхэм адыгагъэмэ пІэпкъым кьыдекІыкІэ цивилизацэмрэ итхьэкъуауэ яджу щытащ.

ЛІыкІуэ Ерхов Алексей кьыхудоджэ дяпэкІэ дунейпсо цІыхубэр зэрыгъэбэлэрыгъым псалъэхэм хуэсакьыну, къэрал лІыкІуэхэм яхуэфащэ хабзэ зыхигъэлъэныну, псалъэжь цІэрыІуэм и чэнджэщи тетыну: «Жумыіа псалъэм урипщщ, жыпІам - урипщылІщ».

Дэ дигуи кьэдгъэкІыркъым УФ-м Хамэ къэралхэмкІэ и министерствэм Ерхов Алексей и Іуэху епльыкІэр диІыгъыу. Иджыблагъэ зэхэтыну Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЗэІущІэм мы Іуэхум теухуауэ утыку иль дэфтэрхэр щызэпкърыгъэхьэрэ хуэфащэ кьэтщтэнущ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 20, *махуэку*

♦ЦІыхухэр зэхуэгъэдэным и дунейпсо махуэщ

♦ 1975 гъэм хьэуам зыщыхъумэжьныныкІэ дзэхэм я махуэр ягъэуващ.

♦1940 гъэм Налшык къалэм Іэфыкіэ щащІ фабрикэ къыщыщэІуахащ.

♦Адыгей драматург, усакІуэ **Кубэ Бильостэн** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакІуэ **Теувэж Хьэбиб** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Гъащтэ Абдул** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист, Къбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакІуэ **ХьэлІупэ Джэбрэіил** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦ Генерал-лейтенант, УФ-м и Къэзыбж палатэм и къэпщытакІуэ, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щІыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм, КъБР-м щІыхь зиІэ я артисткэ **Бжэлымых Барисэт (Бэллэ)** къыщалъхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщІ, КъБР-м и Правительствэм и Щіыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Истэпан Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Махуэм хуабэр градуси 8 - 10, жэщым градус 2 - 6 щыхъунущ.

Мазаем и 21, *мэрем*

♦Андэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ. ЮНЕСКО-м 1999 гъэм кьищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

♦Экскурсиер езыгъэкІуэкІым и дунейпсо махуэщ

♦1819 гъэм Санкт-Петербург къэрал университетыр къызэІуахащ.

♦1885 гъэм Нью-Йорк Вашингтон Джордж и фэепль щагъэуващ.

♦1920 гъэм Урысейр электрификацэ щІыпІэмкІэ и къэралпсо комиссэр (ГОЭЛРО) къызэрагъэпэщащ.

♦Урысей император **Пётр Ещанэр** къызэралъхурэ илъэс 292-рэ ирокъу.

♦Чехием щыщ тхакІуэ, усакІуэ, адыгэхэм я псэукІэм мызэ-мытІэу тетхьыба **Чех Сватоплук** къызэралъхурэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦Бзэщ1эныгъэлІ, филолог, Кавказым и тхыдэр зыджа, абхъазыбзэмрэ адыгэбзэмрэ ятеухуа зэхэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІа **Марр Николай** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Абхъазым и цІыхубэ усакІуэ, узэщІакІуэ, абхъаз литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Гулиа Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубэ сурэтщІ **Кончаловский Пётр** къызэралъхурэ илъэси 144-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Лохвицкий Михаил (Аджыкъуджэрий)** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Алентовэ Верэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Къэфакіуэ Іэзэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Нэгъуд Борис** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м транспортымкІэ и министру щыта, Урысей Федерацэм и Президентым и дэІепыкъуэгъу **Левитин Игорь** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей дипломат, УФ-м и лІыкІуэу ООН-м щыІа **Чуркин Виталий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦УэрэджькІуэ цІэрыІуэ, Урысейм и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Расторгуев Николай** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 , жэщым градус 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІэМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адыгэм хьэщІэ и щІасэщ.

ЦІыхухэм я псэупІэхэр зыхуэдэри къыхатхыкІынущ

2020 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ди къэралым цІыхухэр къыхэтхыкІынымкІэ щрагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщынущ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ иджырей технологием тету. КъыхэтхыкІыныгъэр къызэзыІутэщынухэм унагъуэхэр къыщызэхахІухьхІэ зыхуэфащэ программэхэр зэрыт планшетхэр яІыгъынущ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсипщІ зыбжанэм статистикэм нэрылъагъуэ зиужьащ икІи кІуэтэху къыхэтхыкІыныгъэхэр нэхъ тэмэму ирагъэкІуэкІ. Ауэ абы къыдэкІуэу къэзгъэльэгъуапхэм къыхэтхыкІыныгъэхэр езыгъэкІуэкІ-хэм я язынныкъуэ упщІэхэм цІыхухэм жуэап тэмэм къратыну зэрафІэмыкфІыр. Апхуэдэ упщІэхэм ящыщщ цІыхухэм я псэупІэм и щытыкІэр.

АтІэ сыт фэтэрхэм, псэупІэ унэхэм я щытыкІэм ехьэлІауэ къыхэтхыкІыныгъэм къыхагъэхьар зи мыхьэнэр? Абы теухуа информацэ тэмэмыр сэбэп хъунущ псэупІэкІэ нэхъ хуэмыщІахэр зыхуэдизыр гъэбелджылыныкІэ икІи зыхуэфащэ къэрал унафэхэр къыщэтэныкІэ. КъыхэтхыкІынныгъэхэм нэрылъагъу къашІынущ Урысейм псэупІэ къэхэу, ущІэс мыхьэжьыну щыІэхэр зыхуэдизыр, щыхэзгъэгукІ тыншыпІэхэр ямыІэу псэухэм я бжьыгъэр.

Ди республикэр къапщтэмэ, 2010 - 2019 гъэхэм къэрыубыдэу мыбы фэтэр мин 29,4-рэ щащІащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатІэ мелуани 3,6-рэ хъууэ. Федеральнэ статистикэ зэхэщІапІэгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, КъБР-м и псэупІэ унэхэм я процент 94,8-м псы щІэтщ. Канализацэ процент 84,9-м яІэщ, унэхэм я процент 95,2-р газкІэ ягъэлпІэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Адміністрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Дифі догъэлъапІэ

Цыхубэ усакІуэм и пшыхь дахэ

Къэрал музыкэ театрым щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата Тхьэгъэзэт Зубер и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуам теухуа гуфІэгъуэ пшыхь.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** Тхьэгъэзэт Зубер хэгъэзэуэ КІуэкІуэ Казбек къыгъэхьа хъуэхъу тхыгъэм къеджа нэужь, жиІащ Тхьэгъэзитым лъэпкъ литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэр зэрымыкІуэдыжынур.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин** усакІуэм и гъащІэмрэ и къекІуэкІыкІамрэ кьызэхуэсахэр щигъэгъуэза нэужь, КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин, Гамзатов Расул сымэ я творчествэхэм Зубер и ІэдакъэщІэкІхэр иригъапщкІэрэ, къыхигъэщащ зи хъэтІ зиІэж, апхуэдэхэм, зи гупсысэкІэ цыхьэхуэкІэ Тхьэр зыхуэупса усакІуэу ар зэрыщытыр.

КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Щоджэнцыкіу Мурат** фыкІэ игу къигъэкІыжу, тепсэлъыхьащ и адэ Лиуанрэ Зуберрэ я зэхуаку дэлъа зэныбжьэгъугъэм. Апхуэдэуи, абы къыхигъэщащ Рождественский Роберт, Вознесенский Андрей, Евтушенкэ Евгений сымэ хуэдэ усакІуэхэм Тхьэгъэзит Зубери яхэбгъуэв зэрыхъунур.

Урыс усакІуэ цІэрыІуэ, Европэм, Урысейм щыщ лъэпкъ усакІуэхэм я зэдзэкІакІуэ, Горькэм и цІэр зэрихьэу Москва дэт Литературнэ институтым и доцент **Кулле Виктор** къыхигъэщащ нэгъуэщІ лъэпкъым къыхэкІа усакІуэм хуиІэ фІыпІалъэгъуныгъэр къыззрыбгъэлъэгъуэфынур абы и усэхэр пІурылъ бзэмкІэ зэбдзэкІынырщ. И псалъэхэм щыхьэт техъуэу, къеджащ езым зэридзэкІа, усакІуэм и «Лъхьуэ уи насыпым» усэм.

Абхъаз Республикэм къикІа, «Апсны Акаазара» журналым и редактор нэсыщІэ **Аламиа Геннадий** и къэпсэльэныгъэр теухуат лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр щІэгъэбыдэныжмкІэ Тхьэгъэзит Зубер хуэдэ усакІуэхэм ди гъащІэм увыпІэшхэу зэрыщыгубыдым, абы и ІэдакъэщІэкІхэм Абхъазым щы-псоуэхэри фІы дыдэу зэрыщыгъуаз эм.

Ставрополь крайм къикІа **Куприн Александр** и гугъу ищІыжащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэхэу Зумакуловэ Танзилярэ Тхьэгъэзит Зуберрэ я ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуам теухуа пщыхьэщхьэ езыр зи тхьэмадэ ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм ейуэ щыІэ унэм гукъинэжу зэрыщекІуэкІам, абыхэм я творчествэм дихьэхэзри мы мащІэу къызэрекІуэлІам.

Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ **Шыбзыхъуэ Ларисэ** къеджащ КъШР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Бэчыжь Лейлэ къыбгъэдэкІа хъуэхъу тхыгъэм. Ар тепсэльыхьащ Тхьэгъэзитым и творчествэм лъэпкъ мащІэхэм я деж щиубыд увыпІэм, къыхигъэщащ абазэбзэкІи усакІуэм и тхыгъэхэр зэрридзэкІыну и хъуэпсапІэу зэрыщытыр.

Дагъыстэн Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хыхьэ лезгин къудамэм и унафэщІ **Батманов Владик** къеджащ лезгинибзэкІэ зэридзэкІа Тхьэгъэзитым и усэм. Апхуэдэуи, Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэгъэзэуэ Дагъыстэным и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Ахмедов Магомед къыбгъэдэкІ фІэхъус сэлам-ри пщыхьэщхьэм кърихьэлІахэм къалъитІэлъэсыжащ.

Шэшэн Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, прозаик цІэрыІуэ **Ибрагимов Камтэ** къыхихьэщащ Тхьэгъэзит Зубер мы зэманым Кавказ Ищхьэрэм и усакІуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу зэрыщытыр, апхуэдэуи абы зэдзэкІакІуэ Іэзэуи зыкъикІэгъэльэгъуэн зэрыхуэзфІэкІар жиІащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыбгъэдэкІ хъуэхъу тхыгъэм къеджа нэужь, абы и япэ къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан** жиІащ Тхьэгъэзит Зубер и кьалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэхэр лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэу зэрыщытыр, и ІэдакъэщІэкІхэр мыкІуэдыжыну къызэрытхуэнэр.

- Лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа усакІуэу Тхьэгъэзит. Къардэн Хьэсэн, Хьэхуапащэ Хьэжбэчыр, КІыщокъуэ Алим, Зумакуловэ Танзиля, Тхьэгъэзит Зубер сымэ ящыщт еджапІэр къэзыухыу къэзыгъэззэжа щІэпэгъуэлъэн я япэу ядэІэпыкъуэкІэ, я зэрІэкІхэм щыгуфІыкІхэм. Дэ абыхэм ЛыгъэкІ къытхалъхьэрт. Зыгуэр тхуэзэфІэкІауэ щытмэ, а зи цІэ кІысІуахэм я фІыщІэу къысщохъу. ТхьэгъэзитымкІэ усэхэм Темыркъан Борис макъамэр щигъэзуваз, адыгэбзэкІэ Москва и Театр Иным уэрэд щыжысІауэ щытащ. Апхуэдэ екъулІэныгъэр абыхэм я фІыщІэт. Тхьэгъэзит Зубер тхуэузынщэу и махуэ дахэ куэд дгъэлъэпІэну сыхуохъуахъуэ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и унафэщІ, УФ-м щыхь зиІэ и артистхэ **Дау Марианнэ**.

Тхьэгъэзитым псалъэ гуапэхэр хужаІэу пшыхьым къыщыпсэлъащ Тэрч, Шэрдж, Дзэлыкъэ, Бахъсэн, щІыналъэхэм къыкІахэр, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсым и кІэухыу, Тхьэгъэзит лъэпкъым къабгъэдэкІыу, къэпсэлъащ усакІуэм и кьуэш, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Тхьэгъэзит Юрэ**. Абы псоми фІыщІэ яхуищІащ я Іэзку къыгъанэу пшыхьым зыкъызэрырагъэхьэлІам папщІэ.

Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ гупым, «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблым и къэфакІуэхэм, «Шагъдий» сабий къэфакІуэ гупым, Горькэм и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и артист Сибэч Алим, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ ХьэхъупащІэ ФатІимэ, КъБР-м щыхь зиІэ и артистхэу ЦокІыл Азэмэт, Мамбэт Мадинэ, Тхьэщыгъуей Жанэ сымэ, нэгъуэщІхэми.

Суратхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Хьэрун и кхъужьейр ноби мэгъагъэ

75

Дяпэ ита адыгэхэм сыт хуэдиз цІыху гуащІафІэ яхэта - зыдэс хьэблэмэи жылэми фІыкІэ къаХэщу, Іэщ1агъэ яхуэхъуа лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэту, Іэпщ1эпъапщ1эу, пщ1эрэ щхьэрэ яІэу. Апхуэдэт Зэрэгъыж къуажэм дэса Къардэн Хьэрун. И щхьэгъусэ Гуэщмащ1эрэ абырэ зэдагъуэтат дыгъэм хуэдэу бынибгъу-щІалилпІрэ хъыджэбзитхурэ (зыр иджыри цІыкІуу дениим ехьжащ). А унагъуэм и къекІуэкІыкІам, зауэ зэманымрэ абы иужь илъэс гугъуэхэмрэ зэрыхэпсэукІам тхьилъ псо тептхыхьыфынущ.

Къардэн зэкъуэшхэу Хьэрунрэ Хьэзэрэтрэ.

Я ЖЫЛЭМ дэсхэм я закъуэтэкъым Хьэрун сэбэп зыхуэхъур. Къуажэ гъунэгъуэхэми нэсат ар зэрыфащІэ Іэзэм и хъыбарыр: уанэ, хъэмут, шхуэ, къамышы - шым, шыгум ехьэлІа Іэпсльапсэ псори пыплъхьэни пыпхьэни щымыІэу ищІырт. ИкІи абы я пщІантІэм цІыхуу къекІуэлІэм щІэи гъуни иІэтэкъым. А псом Хьэрун щелэжьыр жэщцырт е и унэ дэсыну Іэмал щигъэт закъуэтІакъэхэрт. Махуэм колхоз гуБгъуэм щыІэт - мэкъу еуэнт е и пщэ къралъхьэ нэгъуэщІ Іэхъу пэрытынт. Сыт хуэдизу и зэманыр зэпэуБыдащ, абы къытеупдагъуэртэкъым и Іэхуэщ1афэхэр. «Пльуэ дІыгъу лэжьыгъэр дыгъэм нэхърэ нэхъ нэхущ» жыхуаІэракъэ, езэш имыщІэу хущІэкъу хуэлажьэрт колхозми, игъэщІэхъурт-тэкъым шы Іэпсльэпс хуейуэ и унэ къакІуэхэри.

И унагъуэ Іэхъури тэмэму, и бынхэри зыхуеИ хуэзэу здекІуэкІым цІыхуми къэралми къалъыкъуокІ гуэзвэгъуэ - фашистхэр къытоуэ ди хэкум. Абы иужькІэ мазитІи дэмыкІыу фронтым даш Хьэрунри абы и шынэхъыщІэ Хьэзэрэтэ. «Дон дыкъэсащ» жери Хьэрун зэ кьитхащ письмо. Куэд дэмыкІыу и шынэхъыщІэми и тхыгъэ къаІэрыхьащ «Киев дыщІэщ, адэкІэ дыздашэнур тщІэркъым» иту. Аращ, а тхыгъэ кІапитІырщ зэшитІым къабгъэдэкІыу унагъуэм къахуэкІуар.

- Нэмыцэр танкрэ мэтэцыкІкІэ къыдыхьащ ди жылэм, - игу къеГъэкІыжЬ Къардэн Хьэрун ипхъу Данизэ, - румынхэр шыгурэ шыкІэ. Ди унэм дыкъыщІахури, щІыпІым дисащ унагъуэр. Румынхэм ди пЫыр ирафащ: джаджьаз къытхуагъэнакъым, танэ диІэти, фІагъэжри яшхащ. Ахэр дэкІыжа нэужьи, пхужьмыІэным хуэздизу, гугъу дехьащ. Си анэм ишэчар цІыхуфэм хуэмыгъэвыным хуэдизщ. Махуэ псом губгъуэм иту, гуэдз кІэхыу, щхьэмыжь кІыщІыпу, кІыжраІэр ищІэу, къэкІуэжа нэужь жащыбг пщІондэ улъэпхъащэу, тхуэпщафІэу, кІыкІэлъыкІуэ махуэм сабий бынунэм тшхынур игъэхъэзыру. А псом ищІыпУжкІэ, си адэм кІыгъэна Іэмэпсымэхэм ирилажьэрт: фІэуадэзэ кІыигъэсабэпуэ щІакІуэ, упщІэ пІыІэ, гуэнщэрыкъ ищІу.

Апхуэдэу уи кІэтІийр уи вакъэпсу умылажьэмэ, бынийр пхуэпІынт? Абы еБгъуанэу кьахэхъуат зауэм хэкІуэда и пщ1ыкъуэм ипхъу цІыкІури. И бынхэм я ныбэ имыгъэныкъуэн щхьэкІэ, Гуэщмащ1э и Іэр увыІэртэкъым: нащ, помидор, къэбыстэ чейкІэ зэхилъхьэрт, и нэхъыжьхъэр зыдигъэпэныкъуэрэ, кхъужь щ1ыкІу зэхуахьэсырт, варенэ ящІырт.

Я ныбэ имыгъэныкъуэу и сабийхэр зэщІипІэн къудейтэкъым фызабэу къэна анэм и гуащІэр зыхуиунэтІыр: лэжьыгъэм зыщамыдзэйуэ, хабзэбзыпхъэ яхэлъу, цІыху хуэдэ цІыхуу къыгъэтэджыну хущІэкъурт. Зауэ нэужь зэман гугъуэхэм щыгъуэ хьэблэри жылэри нэхъ зэрыІыгъуу щытащ, зым адрейм зыщІигъакъуэу. Къардэнхэ зыдэс хьэблэм щыщу хъыджэбз цІыкІуэхэр школ нэужьым зэхуэсурэ гъэрыгъуэрэ унагъуэ хадэхэр къатІырт.

Хьэрунрэ Гуэщмащ1эрэ я бынхэм яхэтхъым матэщІэдзауэ зи гъащІэр зэхэзыхьэкІа. Псом хуэмыдэу гугъу зригъэхьащ я нэхъыжь ПІатІэ. Ар лэжьакІуэщхуэу зэрыщытам и щыхьэтщ «За доблестный труд» медалыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиуми и ЩІыхь тхыльыр къыззэрратар, «ЩІыхь зиІэ колхозхэт» цІэр къыззэрыфІащар. Звеном и нэхъыжьыу, бригадириу щытащ, 1955 гъэм яГъэкІуащ Москва щыІэ ВДНХ-м. ЩІалэхэм я нэхъыжь Исхьэкъ рабочэу, ухуакІуэу лэжьащ. Бынитху (щІалитІрэ хъыджэбзищ1а) къыхуэгальхуати, псори тэмэму ирагъэджащ - щІэныгъэ нэхъыщхьэ яГъуэтащ тхуми. Абы кІэлъыкІуэ Екъуэ зауэ нэужьыи, и Іэпкъльпкъэр зэрымыубыдауэ, щІалэр цІынэу, ВыщхьэтесУ щытащ. ИужькІэ Іэхъуэуи мэлыхьуэуи лэжьащ и къарум кьихьыхункІэ. Хьунутэкъым гугъу зримыгъэкІу: биний игъуэтат, псори хъыджэбз защІэу. Иджы ахэр унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу. Зэшыпхъэхэм ТІатІэ къыкІэлъыкІуэр Кэзибанэ, нобэ псэущ, Нарткъалэ дэсщ. ЩІалхъуэгъэжьалІэм илъэс Іэджажьэ щІэпэжьащ хьэку пщІыпым бгъэдэту. Лэжьыгъэм и ветераншІ, медаль иІэщ. И закъуэу къэна щхьэкІэ, сыт щыгъуи я нэІэ къытетащ и дэлъху нэхъыжь Исхьэкъ и къуэ Володя, абы и щхьэгъусэ Валя, а тІум япхъу Заирэ сымэ.

Хьэрун и пхъуитІ Аушыджэр дэсщ. Данизэт - Шэшэнхэ, Данизэ - Къурашэхэ я нысэщ. ТІури унагъуэ хъарзынэу, хьэблэми жылэми пщІэ щаІэу къогъуэгурыкІуэ. Хьэрун ипхъу нэхъыщІэ дыдэ Тосэ Бейтыгъуэнхэ я нысэщ. ИлъэсзыкъомкІэ «Пионерэм я унэм» бухгалтеру щыІащ, иужькІэ тыкуэным щылэжьащ. ІэнатІэ зыпэрытахэр зэрихьащ къыщІэмыхуэу, ищхьэкІэ къытетхэри и лэжьагъуэхэри къыхуэзарэзыуэ. И ІэхъущІафэм къыпэкІуэу къратауэ иІэщ щытхъу тхылъхэри, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалри.

ГъащІэ жыхуаІэращи, абы гуфІэгъуэри нэщхъеягъуэри къыщыІэзэдогъэгурыкІуэ. Узыпэмыплъа, уи пщІыхьэпІэ къэмыкІа гуэвэгъуэ къыплъыкъуэкІыныр гуауэ тІащІэщ. Апхуэдэ гуауэ ипхъу закъуэмкІэ игъэващ Тосэ. Журналист Іэщ1агъэм щІэхъуэпс и хъыджэбз закъуэр 4-нэ курс хъуауэ автомашинэм иукІащ. Ауэ къыплъыкъуэкІа гуауэшхуэм зригъэхакъым Тосэ, «Алыхьым къыхуиуахамкІэ сыхуэзарэзыщ, къыззэытари, сІызыхьжари аращ» жиІэри и гур игъэбыдащ.

- Си анэм нэхърэ зыкІи нэхъ тынщакъым си шыпхъу нэхъыжь ТІатІэ, - игу къегъэкІыж Тосэ, - сыт хуэдиз щыІэныгъэ хэлъу къытущхьащыта ар щыдалъхуа нэхъыщІэхэм! Къэгубжьауэ, и макъым зригъэІэтауэ сщІэжьркъым. Пенсэм кІуэуэ тІысыжа нэужьи и Іэр зэтедзауэ щысакъым. Бжьыхьэр къэсамэ, гъавэ къехьэлІэжьигъуэм и зэманым, бригадирхэр ящкІуэкІуэ, «укъыддэмыІэпыкъуэ хъунукъым» жаІэрти кьелъэІурт. ТІатІэ хьэблэ щІыхьбзэкІэ зэщІигъэуІуэрти, амбарым ишэрт, нартыуэ ятхъырт, кІэрТІофэ зэхэдзырт. Апхуэдэу и къарум кьихьыхункІэ кьуажэм хуэлэжьащ си щыпхъу.

... ГъащІэшхуэ иІакъым Зэрэгъыж къуажэм дэса унагъуэшхуэм я нэхъыжь Къардэн Хьэрун. Илъэс 35-рэ и ныбжьу ихьащ зауэжьым. И щынэхъыщІэ Хьэзэрэти, илъэс 25-рэ фІэкІа мыхъуу, и псэр щитащ зэуапІэ губгъуэм. Хьэрун къигъэнащ Іэужь узыншэ, дахэ. ІэхъуфІ зи бащэу, сэбэп яхуэхъуу къэгъуэгурыкІуа е лІыр, даair, нобэми ящыгъупщакъым а жылэм къыдэнэжа нэхъыжь закъуэтІакъуэм. И бынхэрщи, апхуэдэ адэ зэраІам иригушхуэу, иритІагъэу и фэеплъыр, и цІэр яхъумэ.

Зи хэкум папщІэ си псэр зыта Къардэн Хьэрун и къуэпсыр яхуэгъэгъуэкъым дунейпсо къэзыІэтыжа щІэпэгъуэ. Ар ипхъу нэхъыщІэ Іэзэрэти, илъэс 25-рэ фІэкІа мыхъуу, и псэр щитащ зэуапІэ губгъуэм. Хьэрун къигъэнащ Іэужь узыншэ, дахэ. ІэхъуфІ зи бащэу, сэбэп яхуэхъуу къэгъуэгурыкІуа е лІыр, даair, нобэми ящыгъупщакъым а жылэм къыдэнэжа нэхъыжь закъуэтІакъуэм. И бынхэрщи, апхуэдэ адэ зэра

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Мазаем и 21-р Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

Лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ

Дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. ЩІы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахьэ хабзэхэр, адрейхэм къазэрыщхьэщыкІ я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкІэмрэ псэукІэмрэ къызыгащІэу щыІэр абыхэм я анэдэлъхубзэрщ. Анэдэлъхубзэр бзэ къудейкъым - ар лъэпкъым и гущІэм уэзрынэсыфщ, и гупсысэхэм уаэзрылъэІэсыфщ.

ЗИ АНЭДЭЛЪХУБЗЭР нэсу къэзымыгъэсбэп лъэпкъым и къарур хуэмурэ щІокІуэсыкІри, ар нэгъуэщІ лъэпкъхэм яхошыпсыхьыж. Араща 1999 гъэм ЮНЕСКО-м анэдэлъхубзэхэр хъумэным хуэунэтІа унафэ щхьэхуэ къыщІищтар. Ар трауухуауэ щытащ мазаем и 21-м - 1962 гъэм и апхуэдэ махуэм зи анэдэлъхубзэр зыхъумэжыну къэувА цІыхуэ гупышхуэ Бангладешым щызэтраукІауэ щытащ. А махуэр дунейпсо тхыдэм къыхэнащ къарурэ бжыгъэкІэ нэхъыбэ лъэпкъым зи гуащІэр мащІэ, зи хуитныгъэкІэ дэкъуэа лъэпкъыр зыхидзэфынкІэ хъуну бэлыхьым и щапхъэ фІыцІэу. Апхуэдэ афІэкІа къэбгъэхъу зэрымыхъунум, сыт хуэдэ лъэпкъри и бзэм хуэсакъын зэрыхуейм я дамыгъэщ а махуэр.

2000 гъэ лъандэрэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэлъапІэ, лъэпкъэр хъума хъунымкІэ бзэхэм яІэ мыхьэнэшхуэм иджыри зэ псори иригъэгупсысыжу, ди анэдэлъхубзэр мыкІуэдыжын, абы зиужьын папщІэ, ди къэралымрэ дуней псомрэ щыэзекІуэ хабзэхэр ди тегъэщІапІэу, дэтхэнэми ди къалэн дгъэззэщІэным дыкъыхуриджэу.

Мы махуэхэм ди республикэм щокІуэкІ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуа зэІущІэхэр. Ахэр яхуэгъэпсащ щІыналъэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и дахагъыр, кьабзагъыр, абы и зэфІэкІкІэ игъэльэгъуэным, зыІурылъ лъэпкъым емылъытауэ бзэ псори мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хуэгъэлэжьэным.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Махуэшхуэхэр

Хабзэ нэхъыщхьэм кууэ зыщагъэгъуазэ

КъБР-м и курыт школ псоми къикІа ныбжьыщІи 100-м щІигъу щызэхуэсат Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ахэр хэтащ «Урысейм и Конституцэм дытопсэлъыхь» щІалэгъуалэ форумым. Іуэхур къызэзыгъэпэщащ еджапІэ нэхъыщхьэм Хабзэмкіэ и клубым хэтхэ-ращ. Абы и мурад нэхъыщхьэр ди щІыналъэм ис ныбжьыщІэхэр къэралым и хабзэ нэхъыщхьэм нэхъ кууэу щыгъэгъуэзыныгат.

ЗЭХУЭСЫМ хьэщІэ лъапІэхэр кьаралъэлІгъат. Абыхэм яхэтащ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ сэд Іуэхущапіэхэмрэ щыІэ **ДышэкІ Мадинэ**, КъБР-м и Парламентым Аппаратым и Унафэщым и къуэдзэ **Хьэмыкъуэ Аслъэн**, КъБКъУ-м Правэмкіэ, экономикэмрэ финансхэмкіэ и институтым и унафэщІ **ГъукІэпщокъуэ Мурат**, абы конституцэ, административнэ хуитныгъэхэмкіэ и кафедрэм и пашэ **Багъэтыр Алим**. Ахэр ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ Конституцэм и мыхьэнэм икІи жаІащ ди къэралым и къэкІуэнур нэхъыбэу зэлъыта щІэблэм фІыкІэ зэрращигугъыр.

- Сэ си насып къикІри, сыдэлэжьэну къысхуихуащ УФ-м и Конституцэр зэхэзылъхьа къэрал къулыкъущІэ щІэрыІуэ Къалмыкъ Юрэ. Абы жиІэрейт Конституцэм хуэдэу щІыхум и хуитныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ, къэралым лъабжьэ хуэхъу хабзэхэр быдэу къыщыгъэльэгъуа дэфтэр зэрыщымыІэр, - къыхиГощащ и къэпсэльэныгъэм ГъукІэпщокъуэ Мурат. - Ди Хэкум, абы и хабзэхэм пщІэ хуэтщІу, ахэр къызыхуэтынышэу дзэзззщІэным дыхущІэкъун хуейщ дэтхэнэри, ди лъэпкъ хабзэхэри щэнхабзэри Іэщ1ыб дымыщІу. Нобэ фызыхэтыну Іуэхугъуэхэр абы хуэгъэпсащ.

Форумым хэтхэм папщІэ ягъэхьэзыра Іуэхугъуэхэм куэд къызэщІаубыдэрт. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, ныбжьыщІэхэм ягъэззщІа тест лэжьыгъэхэр, тренингхэр, ахэр зыщІэса мастер-классхэр, «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?», «Ди хуитныгъэхэр», «Конституцэм и мардэхэр» джэгу-зэпэуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Махуэ зыбжанэм тегушауэ щыта а лэжьыгъэ псоми жыджэру хэлэжьыхьащ школакІуэхэр. Абы зэрыхэтам щыхьэт техуэуэ сертификатхэр иужькІэ иратыжащ.

ТАМБИЙ Линэ.

КъызыхэкІа лъэпкъым пщІэ хуащІу, анэдэлъхубзэр яІурылъу, адыгэ литературэм щыгъуазэу ди щІэблэр къэгъэтэджыныр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу зэрыщытым шэч хэлъкъым. Егъэджакіуэ пэрытхэм, гъэсакІуэ Іэзэхэм, щІэныгъэлІхэм - хэкупсэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми и зэфІэкІыр зыхуэгъэпсар щІыхь зыпылъ а къэралныр къызыхуэтынщэу зэфІэхынырщ. Апхуэдэу, ныбжьыщІэхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ тэмэмрэ щІэныгъэ куурэ ябгъэдилъхьэу, и лэжьыгъэм сыт щыгъуи щІэщыгъуэ гуэр хилъхьэу, и Іэнатіэм пэрытщ педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, егъэджакіуэ Іэзэ икІи бзылъхугъэ щыпкъэ Хьэцыкіу Раисэ Алджэрий и пхъур.**

